

DEKLARASYON ISTWA VAKSINASYON: EGZANPSYON; RÈG - KÒD INDIANA §20-34-4-5

(a) Chak lekòl dwe mande paran yon elèv ki enskri nan lekòl la pou bay, pa pita pase premye jou lekòl la, yon deklarasyon ekri sou vaksinasyon elèv la, ansanm ak sètifika doktè oswa lòt dokiman, sof si yon deklarasyon ekri konsa deja nan dosye lekòl la.
(b) Deklarasyon an dwe montre, eksepte pou yon elèv IC 20-34-3-2 oswa IC 20-34-3-3 aplike pou li, ke elèv la te resevwa vaksen jan seksyon 2 nan chapit sa a mande. Deklarasyon an dwe gen dat nesans elèv la ak dat chak vaksinasyon.

EGZANPSYON VAKSINASYON DAPRÈ KÒD INDIANA §20-34-3-2

(a) Sòf si lalwa prevwa yon lòt bagay, yo pa ka fòse yon elèv sibi okenn tès, egzamen, vaksinasyon oswa tretman ki obligatwa dapre chapit sa a oswa IC 20-34-4 lè paran timoun nan fè objeksyon pou rezon relijye. Yon objeksyon relijye pa egzante timoun nan sof si objeksyon an: (1) fèt alekri; (2) paran timoun nan siyen li; epi (3) yo remèt li bay pwofesè timoun nan oswa moun ki ta ka bay lòd pou tès, egzamen, vaksinasyon oswa tretman an si pa t gen objeksyon an.

FÒM EGZANPSYON VAKSEN

Mwen, , kòm paran, gadyen oswa moun ki aji nan plas paran timoun nan , sètifye ke administrasyon nenpòt vaksen oswa lòt ajan iminizan kontrè ak kwayans relijye pèsonel nou.

☐ Tetanòs

☐ Koklich

☐ Epatit A

☐ Menenjit

☐ Malmouton

☐ Varisèl

☐ Lòt:

☐ Difteri

☐ Polyo

☐ Epatit B

☐ Lawoujòl

☐ Ribeyòl

☐ Haemophilus influenzae tip b

Sa fèt dapre dwa mwen pou refize vaksinasyon paske vaksinasyon yo an konfli ak kwayans relijye mwen. Dapre lwa Indiana, mwen bay administratè lekòl pitit nou an oswa operatè pwogram gwoup la yon kopi deklarasyon sa a dapre IC §20-34-3-2.

Paran:

Dat: